

## **TRANSPARANS NAN ZAFÈ LAJAN MOUN TOUCHE DISPOZISYON KONT DISKRIMINASYON**

Kontraktiyèl la pa gen dwa pou l voye anplwaye ale ni pou li fè diskriminasyon alakont ankenn anplwaye oswa kandida poutèt yo poze moun keksyon, yo pale, oswa yo di moun ki kantite lajan yo touche, oubyen ki kantite lajan yon lòt anplwaye oswa kandida touche. Sepandan, anplwaye ki okouran salè lòt anplwaye poutèt sa fè pati fonksyon esansyèl djob yo pa gen dwa revele ki kantite lajan lòt anplwaye oswa kandida fè, bay moun ki pa okouran zafè salè, sòf si divilgasyon sa a se (a) an repons a yon plent oswa akizasyon fòmèl, (b) nan kad yon investigasyon, yon pousuit legal, yon odyans, oswa yon aksyon an jistis; sa gen ladan investigasyon moun travay la ap fè, oswa (c) si se nan kad devwa legal kontratyèl la genyen pou li bay enfòmasyon. 41 CFR 60-1.35(c)